

Lalwa Entèdi Fè Diskriminasyon

Tower Health at Home respekte lwa Federal sou dwa sivil aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon poutèt ras, koulè po, orijin nasyonal, laj, andikap, oubyen sèks (annakò avèk domèn diskriminasyon seksyèl ki dekri nan 45 CFR § 92.101(a)(2)). **Tower Health at Home** pa rejte moun ni li pa trete yo yon fason mwens favorab poutèt ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks.

Tower Health at Home:

- Bay moun ki gen andikap modifikasyon rezonab ansanm ak èd e sèvis siplemantè apwopriye gratis pou yo ka kominike byen avèk nou, tankou:
 - Entèprèt kalifye pou langaj siy
 - Enfòmasyon alekri nan lòt fòma (gwo lèt, odyo, fòma elektwonik aksesib, lòt fòma).
- Ofri sèvis èd lang gratis pou moun lang prensipal yo pa Anglè, ki ka gen ladan:
 - Entèprèt kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w bezwen modifikasyon rezonab, èd ak sèvis siplemantè ki apwopriye, oswa sèvis èd pou lang, kontakte **Patient Advocate/Civil Rights Coordinator**.

Si w panse **Tower Health at Home** pa te ba ou sèvis sa yo oswa li te fè diskriminasyon nan yon lòt fason sou baz ras, koulè, peyi kote ou soti, laj, andikap oswa sèks, ou gendwa fè yon doleyans bò kote: **Tower Health at Home, Patient Advocate/Civil Rights Coordinator, 739 Reading Ave., West Reading, PA 19611, 1-866-777-4862, (1-800-654-5988 (TTY), FAX: 610-378-5429, THAHPatientAdvocate@towerhealth.org**. Ou ka fè yon doleyans an pèsòn,

oswa nan lèt pa lapòs, faks, oswa nan imèl. Si w bezwen èd pou prezante yon doleyans, **Patient Advocate/Civil Rights Coordinator** disponib pou ede w.

Ou kapab depoze yon plent pou dwa sivil tou ak mwayen elektwonik nan Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, nan Pòtay Biwo pou Dwa Sivil la gen sou Entènèt pou pote Plent, ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa nan lèt pa lapòs osinon pa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services

200 Independence Avenue, SW

Room 509F, HHH Building

Washington, D.C. 20201

1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)

Fòm pou pote plent yo disponib nan <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.